

Date : August 27, 2014

Nimewo Pwogram Nan : 0966

Tit Pwogram Nan : Ebre 8:1- 6

Byenvini nan etid la pou jounen an, n'ap etidye Ebre 8:1-6.

Annou priye Bondye.

Mèsi Senyè pou privilèj nou genyen pou n' kapab ansanm nan etid jodia. N'ap envite w' manifeste prezans Ou pami nou e ke non W' ka glorifye nan tout babay. Se nan non Sovè e Granprèt nou an, Pitit ou renmen anpil la Senyè nou Jezikri nou priye W', amèn.

Ou nan etid bibliik Atravè Labib e pasaj nou pou jounen an se Ebre 8:1-6.

VRE SANNTYE A

Ebre 8 :1 *Men bagay ki pi enpòtan nan tou sa m'ap di la a: Nou gen yon kalite granprèt konsa ki chita sou bò dwat fòtèy Bondye ki wa nan syèl la.*

Otè a di" *Men bagay ki pi enpòtan nan tou sa m'ap di la a."* Ki bagay bagay sa ye, enben me li: " *Nou gen yon kalite granprèt konsa ki chita sou bò dwat fòtèy Bondye ki wa nan syèl la.*" Senyè Jezi te fè yon bagay okenn prèt nan Ansyen Testaman an pa t' janm fè. Pa t' janm gen yon prèt nan liy fanmi Arawon an ki te janm gen yon chèz pou chita nan tabènak la. Se te toujou touche tounen, kouri antre kouri soti. Poukisa? Enben paske l' te

gen travay pou l' fè. Tout bagay sa yo se te lonbray ki t'ap pwente sou sakrifis final ki t'apral vini pi devan an. Kounyèa Kris fin mouri, tout bagay sa yo fin akonpli, donk nou pa bezwen poze kesyon mande si nou fè ase pou merite sali. Tou sa n' bezwen fè se vin kote Senyè Jezi e mete lafwa nou nan Li kòm Sovè nou. Li chita paske se fini Li pa gen anyen ankò ki rete pou L' fè. Sèl sa L' mande se asepte kado L'ap ofri w' la.

Ebre 8 :2 L'ap fè sèvis granprèt li nan kote ki apa pou Bondye a, sa vle di, nan kay tout bon an, kay Seyè a menm te bati. Se pa t' moun ki te bati l' pou li.

Se Bezaleyèl ki te bès responsab fè tout bèl atik ak mèb yo ki te nan tabènak la. Chèz mizerikòd la ak lanp sèt branch lan te fèt an lò e yo te byen dekore. Byenke Lespri Sen an te dirije l', kanmenm se moun ki te fè yo tout. Tandiske pa kontras Senyè Jezi ap ranpli ministè L' nan yon tanp Li menm menm te fè nan syèl la. Ou pa jwenn sa se yon bagay ekstraòdinè?

Ebre 8 :3, 4 Travay yon granprèt, se ofri kado ak bèt pou touye bay Bondye. Nan kondisyon sa a, granprèt nou an dwe gen kichòy pou l' ofri tou.

Si Jezi te sou latè, menm senp prèt li pa ta ye, paske gen prèt deja ki la pou ofri kado yo, dapre jan lalwa Moyiz la vle l' la.

Vèsè sa yo demontre aklè lè yo t'ap ekri lèt Ebre a tanp Jerizalèm nan te toujou egziste, sa vle di yo pa t' ankò kraze l', e te toujou gen prèt ki t'ap ranpli fonksyon yo landan l'.

Ebre 8 :5 Nan sèvis prèt sa yo ap fè nan tanp ki sou latè a, se kopye y'ap kopye sou sa k'ap fèt nan syèl la. Sa y'ap fè a ou ta di se lonbraj sa k'ap fèt nan syèl la. Se konsa sa te ye pou Moyiz tou. Lè Moyiz tapral moute tant lan, Bondye di li: Gade byen pou

ou ka fè tout bagay dapre modèl mwen te moutre ou sou mòn lan.

M' panse lè Bondye t'ap bay Moyiz enstriksyon yo sou tabènak pou l' te konstwi nan dezè a, se plan Tabènak oriijinal ki nan syèl la Li te renmèt li.

Tabènak la nan senpliste l' pwojete yon tip Senyè Jezi (sa ki malerezman te pèdi nan detay konplike tanp yo te vin konstwi an apre a). Tabènak la se te yon tant, li te bare sou kote ak yon seri moso plak dwat ki te kouvri ak lò sou tou de bò. Li te mezire 30 kib longè (ki se 45 pye) e 10 kib (ou 15 pye) lajè e te divize an de chanm. Premye chanm nan te rele Plas Sen an. Te gen twa mèb ladan l': lanp sèt branch lan, tab an ò pou mete pen yo, e lotèl an ò kote yo te konn boule lansan an (yo pa t' konn ofri okenn sakrifis sou lotèl sa a). Lanp sèt branch lan se te yon tip Senyè Jezi ki se limyè monn nan. Tab pou meten pen an reprezante Kris kòm pen ki bay lavi a. Lotèl an ò kote Granprèt la al lapriyè a se senbòl Kris kòm gran Entèsesè nou an. Epi nan gran Jou Ekspiyasyon an granprèt la te bezwen travèse lòt bò rido ki separe de chanm yo pou la nan Lye Trè Sen an kote te gen de mèb. 1) Te gen Bwat Kontra a ki te fèt an bwa e kouvri ak lò andedan kon deyò. Ladan li te gen de ti tablo an wòch yo kote Bonde te ekri Dis Kòmandman, yon ti mamit lamàn, e baton Arawon ki te fleri a. Dis Kòmandman yo pale sou Kris ki te vin akonpli Lalwa e Senyè Jezi se sèlman moun sou latè ki te janm obeyi Lalwa a nan tout entegralite l'. Ti mamit lamàn nan demontre Jezi se Pen ki bay lavi a menm nan tan kote n'ap viv yo. Baton Arawon ki te fleri a pale sou rezireksyon Kris. 2) Dezyèm mèb ki te gen nan Lye Trè Sen an se kouvèti Bwat Kontra a. Bwat Kontra a te kouvri ak yon kouvèti byen dekore ki rele Chèz Mizerikòd la. Sou tèt li te gen de zanj cheriben ki te fèt ak lò yo te bat nan fou. Yon fwa pa ane granprèt la konn mete san sou Chèz Mizerikòd la, e se egzakteman sa k' fè l' te yon chèz

©Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

mizerikòd. Sa se te plas kote Bondye rete, ki vle di plas kote Bondye rankontre ak pitit Izrayèl yo.

Te gen yon lakou alantou tabènak la ki te bare ak yon kloti twal fen blan ki te mezire 100 kib longè pa 50 kib lajè. Anndan lakou sa a te gen de mèb. Premye a se te lotèl an bwonz lan kote yo te konn ofri tout sakrifis bèt yo. Se la yo te regle kesyon peche a, men kòm moun ki ta pi sen an toujou rete yon pechè, te gen tou yon ti basin kote prèt yo te bezwen al lave men yo ak pye yo kòm siy netwayaj pou peche.

Se nan Lye Sen an prèt la te konn adore e ranpli ministè l'. Nou adore Bondye lè nou lapriyè, nouri nou ak Pawòl, e mache nan limyè prezans Li, sa vle nan obeyisans.

Men se sèl granprèt la, e la ankò sèlman yon fwa chak lanne, ki te gen dwa antre nan Lye Trè sen an. Men lè Senyè Jezi te mouri a, rido separasyon an te dechire an de, pou demontre depi kounyea e pou tout tan Li te louvri chemen ki mennen nan Lye Trè Sen an devan Bondye Papa a pou nou. Nou ta ka di Senyè Jezi pran tabènak la ki te nan yon pozisyon orizontal, Li chanje l' mete l' nan yon pozisyon vètikal, ou pèpandikilè avèk latè sa ki pakonsekan mete Lye Trè Sen an nan syèl la, paske evidamman se la Senyè Jezi ye Li menm ap ranpli ministè l'. E nou pral wè nan pwochen chapit la ke lotèl an ò kote yo te konn boule lansan an, ansanm ak Bwat Kontra a, twouve yo kounyea nan syèl la. Yo nan syèl la paske se la, nan syèl la, Senyè Jezi ye.

Si w' te la ak pèp Izrayèl la nan dezè a, ou ta ka wè tabènak la kanpe nan mitan kan an avèk tant 12 tribi fè wonn li. Ou ta wa kolòn nyaj la sou tabènak la lajounen e kolòn dife a lannwit. Ou ta ka wè prèt yo k'ap moute desann kou fwonmi fou ap ranpli ministè yo atravè ofrann sakrifis yo e obsèvasyon diferan rit yo Bondye te kòmande yo a.

Men tout bagay sa yo se te lonbray yon reyalite. Yon reyalite, anfèt, ki te twouve l' nan syèl la. E jodia Senyè Jezi twouve L' laba nan Tabènak selès la ap ranpli ministè L' pou mwen menm avè w'.

Petèt kounyea w'ap mande: " M' te kwè w' te di lè n' rive nan seksyon sa a otè a va bannou bon jan enfòmasyon solid tankou gwo grenn bannan ak moso vyann pou nou manje, se pa se ti lèt ak ti labouyi y'ap sèvi toujou, paske jouk kounyea nou wè sa k'ap di yo se bagay ki ase senp? Kilè n'a rive nan sijè pwofon yo?" Enben manje solid yo pare kounyea, m'ap sèvi w' pla a a cho.

M'ap prezante w' pla a sou fòm yon kesyon pèsonèl. Zanmi, eske Kris reyèl pou ou nan moman sa? Si w' toujou okipe nan monte desann obsève rit relijye, patisite nan yon bèl sèvis legliz (se pa ke sa gen anyen ki mal landan l' non), men si w' panse se sa ki adorasyon an, e si w' panse se paske w'ap anseye lekòl dominikal ou chante nan koral ki fè w'ap sèvi Bondye, enben m' gen nouvel pou ou. Otè a ap di nou, Senyè Jezi anlè a nan syèl la pou ou kounyea menm. Kisa sa vrèman vle di pou ou? Alò pa kite moso vyann trangle w' non? Pa vin mande kounyea pou yo bay yon vè lèt. Pa pran pòz okipe ak lòt ti detay. Kite bonm ak chodyè yo an repo, Mat, ou pa bezwen nan manyen yo kounyea. Vin chita nan pye Jezi. Kite L' tounen yon reyalite nan lavi nou. Lè w' te soti kite kay la maten an, eske w' te envite Jezi vini avè w'? Eske w' te konsyan de prezans Li. Li nan syèl la kounyea a menm ap ranpli ministè L' pou ou. Kris se entèsesè w'. Ou bezwen vin kote L' pou konfese peche w' yo. Poukisa w'ap fatigue pastè legliz ou a konsa jouk ou fè l' fè simenaj ak chay pwoblèm ou yo? Poukisa w' bezwen al kote l' si souvan kòm konseye? Eske Jezi pa reyèl pou ou jodia? Sispann aji tankou ti bebe lala yo bezwen bat do l' pou rann gaz. Grandi! Vini nan prezans Sovè vivan an. Se sou sa otè a ap pale isit la. O, ke Bondye wete vwal la nan je nou, e rann

Jezikri, nan tout pisans Li, e nan tou delivrans Li, e nan tout lanmou Li, e nan tout swen Li, reyèl pou ou!

Yon fwa ankò kite m' raple w' Senyè Jezi ap ranpli ministè L' nan yon pi bon tabènak ki se tabènak orijinal la ki twouve l' nan syèl la. Li fè twòn Bondye a tounen twòn lagras la, e nou envite vin devan l' avèk konfyans e asirans konnen Senyè la tou pare ap tann nou. Sa mwen menm avè w' bezwen plis aksantye nan priyè nou yo pase tout lòt bagay se: "Senyè mwen kwè. Ede m' ak enkredilite m'." M' pa konn pou ou, men enkredilite m' pi gwo pase kwayans mwen. Nou bezwen vin kote L' pa lafwa, Ebre 11:6 di: "*Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li.*" Donk mwen menm avè w' bezwen reyalite Kris la nan lavi nou. Ou pap ka wè L' ak je fizik ou yo, ou tandè l' ak zòrèy fizik ou yo, men w' ka wè L' e tandè L' ak je e zòrèy entèn yo bagay sèlman lafwa ka louvri.

NOUVO KONTRA A PI BON PASE ANSYEN AN

Ebre 8 :6 *Men, koulye a, sèvis granprèt nou an gen pou l' fè a pi konsekan lontan pase sèvis prèt sa yo. Paske, kontra li te ranje ant Bondye ak lèzòm lan pi bon lontan, li gen pi bon pwomès ki garanti li.*

" *Men, koulye a, sèvis granprèt nou an gen pou l' fè a pi konsekan lontan pase sèvis prèt sa yo.*" Tabènak ki te gen isit sou latè a se te yon senp fotokopi, senp lonbray vrè tabènak orijinal la ki nan syèl la. Se la Senyè Jezi ap viv kounyea e L' kenbe nou sove. Gen yon moun ki te mande m': "Eske w' kwè ou ka pèdi sali ou?" Wèl, m' dwe konfese, si Kris pa t' anlè a ap entèsède pou

©Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

mwen m' t'ap deja pèdi sa li mwen menm anvan jounen an fini. E m' panse sa vre pou ou tou. Donk ala bezwen nou bezwen Jezi!

" Paske, kontra li te ranje ant Bondye ak lèzòm lan pi bon lontan..." Jodia n'ap viv nan tan Nouvo Kontra a, yon konn rele l' tou Nouvo Testaman. Nouvo Testaman an se anfèt yon Nouvo Kontra Bondye pase ak nou, e Kontra sa a diferan nou ta dwe di pito li an kontras avèk Ansyen Kontra ki nan Ansyen Testaman an. Bondye te bay Moyiz Lalwa, e Li te ba l' enstriksyon pou tabènak la ak sèvis li yo. Se la yo te konn regle koze peche a. Pa gen okenn moun ki te janm sove nan obsève Lalwa. Pa gen moun ki janm pwoche kote Bondye pou di: "Bon kòm m' fin obsève tout kòmandman W' yo, Ou oblije asepte m' kounyea." Pa gen moun ki ka fè sa paske sou Lalwa yo te oblije ap ofri sakrifis tout tan, chak jou Bondye mete pou transgresyon yo. Lalwa te revele mankman yo, jan yo pa ka rive nan nivo laglwa Bondye. Sistèm sakrifis la an antye se te yon lonbraj. Byenke tabènak Bondye te fè yo konstwi a se te yon tabènak fizik moun yo ta ka touche e sèvi, se te kanmenm yon senp lonbraj tabènak orijinal kote Kris ap sèvi kounyea. An rezime, jiskaprezan nou wè avèk Nouvo Kontra a jodia nou gen yon pi bon prèt, yon pi bon sakrifis e yon pi bon tabènak. Tou sa yo konvèje a distans sou lotèl an kwiv la paske yo tou le twa se yon reprezantasyon Kris, Kris se pi bon prèt la k'ap sèvi laba a. Li se pi bon sakrifis la, Li te ofri pwòp tèt Li. E L'ap ranpli ministè L' nan yon pi bon tabènak, paske L' te ofri san L' pou padon peche mwen menm avè w'.

Rive nan pwen sa a, m' ta renmen fè referans sou yon liv mwen te ekri ki rele: Tabènak la, pòtre Bondye sou Kris." Nan liv sa a, m' bay plis detay e antre plis an pwofondè nan sijè a, e m' deklare Kris te literalman ofri san L' nan syèl la. Dapre mwen Li te sou wout pou L' al fè sa lè L' te rakontre Mari a dapre Jan 20:17 ki di :*" Jezi di li: Pa manyen m'! Mwen poko moute al jwenn Papa mwen. Men, ale jwenn frè m' yo, di yo m'ap moute bò kot Papa*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

m' ki papa nou tou, m'ap moute bò kot Bondye m' ki Bondye nou tou." M' panse se nan moman sa a Granprèt nou an t'ap deplase pou L' t'al literalman ofri san L' pou nou nan syèl la. E m' panse san an va rete la pandan tout letènite pou fè nou sonje pri Li te peye pou redanmsyon nou.

Nan fen vèsè a Ebre 8:6 nou li tou: "*...li gen pi bon pwomès ki garanti li.*" Anvan sa nan Ansyen Testaman an, Bondye te bay Lalwa Moyiz la, e lè pèp Izrayèl la te transgrese l', yo te pote sakrifis. Men anvan Bondye te bay Lalwa ak enstriskyon sou fason pou yo te parèt devan L' atravè rit yo nan tabènak la, se pa lafwa tankou sa te ye pou Abraram yo te bezwen parèt devan L'. Konsa lè nou fè bak kite tan Abraram lan, nou jwenn Senyè a te aji yon fason konplètman diferan ak Noye. M' pa kwè yon moun ka onètman li Bib la avèk entelijans san l' pa note Bondye aji ak lòm diferanman nan difean epòk. Si w' pa vle rele sa dispansasyon, enben w' ka chwazi nenpòt mo w' vle, men si w' asepte enfayiblite Bib la e kwè l' se pawòl Bondye, enben w' oblije konsidere sistèm dispansasyon an, si w' li Bib la kòm sa dwa.

Otè lèt Ebre a di kounyea nou gen yon pi bon kontra ki baze sou yon pi bon pwomès. Byenke yo ajoute mwen menm avè w' kòm kretyen landan l', Bondye poko fini ak nasyon Izrayèl la e pi bon pwomès sa yo va akonpli pou yo pi devan nan milènè fiti a.

Lè w'ap li pwofèt Ansyen Testaman yo ou sèlman pa ka inyore reyalite ke Bondye yon jou pral fè pitit Izrayèl yo tounen nan peyi yo. (Dapre mwen, tounen nou wè ki fèt nan tan nou yo se pa akonplisman pwofesi yo sa.) Pa egzanp tande sa pwofèt Jeremi di nan Jeremi 30:18: "*Seyè a di ankò: -Mwen pral fè moun fanmi Jakòb yo te depòte yo tounen lakay yo. Mwen pral gen pitye pou chak fanmi. Yo pral rebati lavil yo sou anplasman vye mazi yo. Yo pral rebati gwo bèl kay yo kote yo te ye anvan an.*" E nan Jeremi 31:8 nou li: "*Wi, se mwen menm, Seyè a, k'ap mennen yo sot*

nan nò. M'ap ranmase yo nan dènye bout latè. Sa ki avèg, sa k'ap bwete, fanm ki ansent, fanm ki gen tranche, yo tout ap vin ansanm. Se yon foul moun k'ap tounen. " Tou de vèsè sa yo pale sou peyi ki nan nò a ki se Larisi. Jwif yo gen anpil difikilte pou yo ta soti kite Larisi nan jou nou yo, men lè lè Bondye a va rive, yo pa va gen okenn problèm kite Larisi pou retounen an Palèstin. Kontinye toujou nan liv Jeremi an nou li nan Jeremi 31:10, 11: " *Seyè a di ankò: -Nou menm lòt nasyon yo, koute sa m'ap di: Mache fè konnen l' nan tout zile ki byen lwen yo. Di yo: Seyè a te gaye tout pèp Izrayèl la. Se li menm ki pral sanble yo ankò. Mwen pral okipe yo, tankou gadò k'ap okipe mouton l'. Mwen libere moun fanmi Jakòb yo. Mwen delivre yo anba men yon nasyon ki te pi fò pase yo. "* Se vre gen Jwif an Izrayèl jodia men se pa nan kad redanmsyon Bondye a, okontrè yo trè lwen bagay konsa. Men lè jou a va rive, sa otè Ebre a ap pale sou li la a konsènan yon pi bon kontra baze sou yon pi bon pwomès va tounen yon reyalite pou yo. Jeremi 31:31-33: " *Seyè a di ankò: Lè a pral rive, mwen pral pase yon lòt kontra avèk moun peyi Izrayèl yo ansanm ak moun peyi Jida yo. Se p'ap tankou kontra mwen te pase avèk zansèt yo a lè m' te pran men yo pou m' te fè yo soti kite peyi Lejip. Atout se mwen ki te mèt yo, yo pa t' kenbe kontra mwen an. Se mwen menm Seyè a ki di sa! Men kontra mwen pral pase ak pèp Izrayèl la. Se Seyè a menm ki di sa. Lè sa a, m'ap mete prensip mwen yo anndan kè yo, m'ap make lòd mwen yo nan lespri yo. M'a tounen Bondye pou yo, y'a tounen yon pèp pou mwen."* Se tankou si Bondye ap di: "Mwen te ba yo lwa mwen anvan sa e te ekri yo sou yon moso wòch men yo pa t' ka kenbe l' donk kounyea M' va ekri l sou yon moso vyann ki se kè yo." Jouk jodia sa poko fèt. Dr McGee di pandan m'ap prepare etid sa yo m'apèn sot fè yon vizit an Izrayèl e m' pa wè okenn siy ki demontre yo tounen vin jwenn Bondye. Yonn nan gid touristik ke m' te gen privilèj rankontre te yon jenn gason byen kanpe e byen emab. Apre m' te fin perzante l' levanjil, e m' te di l: " Ou ta dwe ap pale m' de Jezi. Ou se Jwif e w'ap viv sou tè sa a kote L'

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

te viv la. Li te mouri pou padon peche lemonn antye. Mwen se yon pòv moun lòt nasyon ki soti nan yon peyi byen lwen. Se ou ki te pou ap pale m' de Li, me se mwen k'ap fè sa." Msyè te sèlman ri sa m' di a. Eske m' ka ensiste pou di yon fwa ankò Jwif yo pòk tounen nan tè yo dapre pwomès Bondye a? Men yon jou pwofesi Jeremi an va tounen yon reyalyte. Tande sa l' di nan Jeremi 31:34: " *Pesonn p'ap bezwen moutre lòt moun nan peyi a kouman pou yo chache konnen Seyè a, paske yo tout ap konnen m', depi sa ki pi piti a jouk sa ki pi gran an. Se mwen menm Seyè a ki di sa. M'a padonnen sa yo fè ki mal, mwen p'ap chonje peche yo ankò. Se mwen menm Seyè a ki di sa. "* Se sou sa otè lèt Ebre a ap pale la a. Nouvo Kontra a baze sou pi bon pwomès. Kris se Medyatè yon pi bon Kontra paske Kontra sa a baze sou pi pwomès, li baze sou Jezikri.

E avèk pawòl sa yo n'ap mete kounyea yon bout nan etid la pou jounen an. Se te yon plezi pou nou te ansanm. N'ap kite w' avèk gras e pè Bondye!